

MAKSIM PANGALEMBANA LAN MAKSIM KACOCOAN SAJRONE
FILM “SITI”

E-JOURNAL



Dening:

MUHID OKTASAKTI

16020114040

UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH
2020

MAKSIM PANGALEMBANA LAN MAKSIM KACOCOAN SAJRONE FILM “SITI”

Muhid Oktasakti

S1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
oktasaktimuhid@gmail.com

Dr. Surana, S.S., M.Hum.

Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Maksim pangalembana lan maksimum kacocogan minangka perangan saka prinsip katrapsilan basa. Kaloro maksimum iki bisa dideleng saka pamilihane tembung kang dituturake dening manungsa. Tuturan kang dituturake dening paraga sajroné film “Siti”, nggunakake basa Jawa saka dhaerah pesisiran. Prinsip katrapsilan basa minangka salah sijiné prinsip kang ana sajroné teori pragmatik kang nganalisis sawijining tembung utawa ukara sajroné tuturan kang kaiket konteks. Tujuwan saka panliten iki yaiku kanggo nggoleki wujud katrapsilan basa mligi maksimum pangalembana lan maksimum kacocogan sajroné film “Siti”, lan topik utawa objek pacaturan kang bisa diarani katrapsilan basa sajroné film “Siti”.

Panliten iki kalebu jinis panliten kualitatif kang nggunakake metodhe panliten deskriptif kualitatif. Dhatane awujud tuturan antarane paraga sajroné film “Siti”. Dhata kasebut diolehi kanthi cara nyemak lan nyatet. Teknik semak digunakake kanggo mangerteni crita lan tuturan kang dituturake dening paraga, dene teknik catet digunakake kanggo nyatet tuturan mbaka tuturan kang didadekake traskrip naskah, kanggo nggampangake nalika analisis dhata.

Asile saka panliten sajroné film “Siti”, luwih dimunjerake ana ing maksimum pangalembana lan maksimum kacocogan. Maksim pangalembana kang leres dituturake amarga anane apresiasi marang apa kang dideleng, dirasa, lan dilakokake dening wong liya, dene maksimum pangalembana kang nyimpang dituturake awujud ngasorake marang apa kang dideleng, dirasa, lan dilakokake dening wong liya. Maksim kacocogan kang leres dituturake amarga anane kacocogan antarane panutur lan mitratutur dene maksimum kacocogan kang nyimpang yaiku tuturan kang ora ana kacocogan antarane panutur lan mitratutur. Maksim-maksim kasebut ora namung dideleng saka tuturan, nanging uga saka konteks tiyap tuturan. Adhedhasar tuturan-tuturan sajroné film “Siti”, nuduhake yen sajroné maksimum pangalembana kang leres ana 37 dhata lan kang nyimpang ana 14 dhata, maksimum kacocogan kang leres ana 33 dhata lan kang nyimpang ana 18 dhata.

Tembung Wigati: Maksim Pangalembana, Maksim Kacocogan, Pragmatik, Katrapsilan Basa, Film “Siti”

PURWAKA

1.1 Lelandhesan Panliten

Basa wigati banget ing panguripane manungsa, saengga sekabehane bab panguripane bebrayan ora bisa uwal saka panganggane wujud basa. Kaya dene mi nangka sarana anggone komunikasi, rerembungan, gegojegan, sesrawungan, doltinuku, politik, tukarpadu, uga ngayal lan ngipi. Sawernane pakaryan sing ana gegayutane marang wong liya, kita uga mbutuhake basa minangka sarana kang kasil njamin katampene pesen awujud gagasan, pikiran lan rasa marang wong liya (Kartomi hardjo sajrone Basir, 2016:74). Basa nduweni teges minangka sistem lambang uni kang *arbitrer*, sing di gunakake dening manungsa sajrone klompok sosial kanggo bebar engan makarya, pacaturan, lan nemtokake sejatine diri (Kridalaksana sajrone Chaer, 2007: 32).

Basa diarani piranti kang utama lan wigati sajrone sesrawungan, amarga lumant ar basa kita bisa komunikasi awujud pacaturan marang pawongan liya. Saka pacaturan kita bisa mangerteni apa kang di rasakakake lan dipikirake wong liya, saengga bi sa kawujud anane sesrawungan. Basa kang dianggo komunikasi awujud pacaturan, beda marang wujud basa liyane. Lumrahe pacaturan basane metu sakarepe dhewe, senjata ana saperangan sing mikir kaidah basa kang trep nalika pacaturan. Nanging padatanane para panganggo basa mung mikir, sing wigati basa kuwi komunikatif utawa mitra tutur bisa nampa pesen utawa informasi kang di andharake dening panutur. Miturut pigunane, basa kaperang dadi lima, yaiku: (1) Ragam resmi, (2) Ragam baku, (3) Ragam santai (*casual*), (4) Ragam usaha (*consultive*), lan (5) Ragam akrab (Nababan, 1993:53). Sajrone pacaturan kadhang kala makna kang kakandhut ora slaras marang apa kang di andharake dening panutur. Bisa diarani menawa tuturan ora mesthi mung ngandhut makna kang sinurat, nanging uga ngandhut makna kang siningid sajrone tuturan. Makna tuturan kasebut diarani implikatur, bisa di mangerteni saka konteks kang situasi tutur nalika kuwi.

Panutur lan mitra tutur manut karo prinsip-prinsip komunikasi supaya komunikasi bisa lancar. Salah sawijine sing kalebu sajrone prinsip-prinsip komunikasi yaiku prinsip katrapsilan. Katrapsilan biasane nuduhake tumindak, nanging bisa uga didelok saka tuturane. Basa minangka pangilon saka pribadine wong lan nduweni pangaruh marang mitra tutur nalika nindakake komunikasi. Tuturan sing nglarani, mbabayani utawa ngrusak wong liya, yaiku salah sawijining tumindak sing ora sopan. Leech (1983:132) nyatakake yen ing prinsip katrapsilan ana perangan maksim, yaiku: (a) maksim wicaksana, (b) maksim kaloman, (c) maksim pangalembana, (d) maksim andhap asor, (e) maksim *kecocogan*, lan (f) maksim simpati.

Wujud-wujud komunikasi akeh ditemokake ing kauripan saben dina utawa ing sajrone *film*, kayata sajrone *film* “Siti”. *Film* yaiku salah sawijine media komunikasi sing cocog kanggo diteliti, amarga ana akeh cecaturan lan tuturan sing ditindakake dening paraga, kayata ing *film* “Siti”. Perkara iki sing njalari panliten kanggo nlti babagan maksim pangalembana lan maksim kecocogan sing ditidake karo paraga sajrone *film* liwat cecaturan utawa tuturan sing diandharake.

Film “Siti” yaiku *film* indonesia *independen* sing diarahake utawa disutradarai dening Eddie Cahyono lan pisanan ditayangke ing taun 2014. *Film* drama iki nyaritakake babagan “Siti” (Sekar Sari), wanita sing dodolan peyek jingking ing Parangtritis lan uga pemandhu karaoké ing wayah wengi, sawise bojone lumpuh amarga kacilakaan sing nglelepake kapal nelayane, sing nggarai “Siti” nduweni utang.

Minangka *film independen*, “Siti” ora ditayangke ing bioskop Indonesia, nanging pisanan rilis ing Festival *Film* Jogja-Netpac 2014. *Film* iki ditayangke kanthi resmi ing bioskop Indonesia tanggal 28 Januari 2016. *Film* “Siti” uga menang sawetara penghargaan ing luar negeri lan ing njero negeri, lan menang telung penghargaan ing Festival *Film* Indonesia 2015 kalebu *Film* Paling Apik.

Ing *film* iki ana wujud ujaran sing nduweni maksim pangalembana. Ing ngisor iki minangka tuladha wujud maksim pangalembana sing ana ing *film* “Siti”.

Siti : Kowe percaya surga, Mas?
(Kamu percaya surga, Mas?)

Bagus : Embuh Ti...

Ning aku percaya karo laut.
(Entahlah Ti...)
(Tapi aku percaya dengan laut)

Siti : Kok isa?
(Kok bisa?)

Konteks tuturan ing cecaturan neng nduwur yaiku, nalikane “Siti” ngadek neng pinggir laut karo nangis. “Siti” neng kunu kelingan omongane Bagus yen Bagus iku luwih percaya marang laut tinimbang karo surga, amarga Bagus iku nduweni penggaweyan dadi nelayan neng laut Parangtritis. Sajrone tuturan sing diandharake karo Bagus, ana maksim pangalembana, amarga paraga Bagus neng kene ngalembana marang laut sing wis bisa menehi iwak, sahingga dadi duit lan bisa kanggo kaluwargane.

Sabanjure yaiku tuladha wujud maksim kacocogan sing ana sajrone *film* “Siti” yaiku,

Darmi : Ti... kae Bagus ora gelem adhuh
(Ti... itu Bagus tidak mau mandi)

Siti : Hla ngapa e?

(Kenapa?)
Darmi : Jare moh sekolah
(Katanya tidak mau sekolah)
Siti : **Iki mbok, tulung diteruske!**
(Ini Bu, tolong diteruskan)
Darmi : Iya
Iya

Konteks tuturan cecaturan ing nduwur dumadi nalikane isuk. Darmi marani “Siti” sing lagi masak peyek jingking neng pawon, banjur Darmi ngomongi “Siti” yen anake, yaiku Bagas ora gelem adhus merga ora gelem sekolah. Sajrone tuturan sing diandharake “Siti” ana maksim katrapsilan kanthi jinis maksim kecocogan, yaiku nalikane “Siti” ngomong “Iki mbok, tulung diteruske!” neng kunu “Siti” ora ngomong babagan goreng peyek jingking, nanging Darmi semaur “iya” amarga Darmi ngerti yen “Siti” lagi nggoreng peyek jingking, amarga iku wis dadi kagiyatane “Siti” saben dinane. Sajrone maksim kecocogan, dikarepake panutur lan mitra tutur bisa nduweni kecocogan sajrone kagiatan tuturan.

Tuladha cecaturan lan tuturan saka prinsip katrapsilan kang dilakoni dening paraga ing nduwur yaiku maksim pangalembana lan maksim kacocogan sajrone *film* “Siti”. Ana akeh cecaturan utawa tuturan kang nduweni maksim pangalembana lan maksim kecocogan kang dilakoni dening paraga, kang nduweni teges tartamtu. Teges sing ana kasebut bisa dideleng lumantar konteks sing nglingkupi tuturan. Saliyane iku, ana paktor-paktor kang ngaruhi sahingga dumadi maksim pangalembana lan maksim kecocogan. Mula saka iku, panliti kapingin banget nganalisa luwih adoh babagan maksim pangalembana lan maksim kecocogan sing dumadi sajrone *film* kasebut.

1.2 Underane Panliten

Teka watesan perkara ing nduwur, undheran panliten kang diajokake sajrone panliten iki yaiku.

1. Apa wae maksim pangalembana kang leres lan kang nyimpang kang dilakoni karo paraga sajrone *film* “Siti” anggitan Eddie Cahyono?
2. Apa wae maksim kacocogan kang leres lan kang nyimpang kang dilakoni karo paraga sajrone *film* “Siti” anggitan Eddie Cahyono?

1.3 Tujuan Panliten

Adhedhasar undheran panliten ing nduwur, tujuan panliten iki yaiku.

1. Mangerteni maksim pangalembana kang leres lan kang nyimpang kang dilakoni karo paraga sajrone *film* “Siti” anggitan Eddie Cahyono.
2. Mangerteni maksim kacocogan kang leres lan kang nyimpang kang dilakoni

karo paraga sajrone *film* “Siti” anggitan Eddie Cahyono.

1.4 Paedah Panliten

Panliten iki nduweni paedah yaiku kanggo :

1. Menahi katerangan ngenani maksim pangalembana lan maksim kecocogan kang dumadi ing sabendinan
2. Nambah wawasan utawa kawruh kanggo pamaca ngenani maksim pangalembana lan maksim kecocogan, utamane sajrone *film*.
3. Dadi acuan sajrone pasinaon ngenani maksim pangalembana lan maksim kecocogan kang ana sajrone prinsip katrapsilan.

1.5 Watesan Istilah

1. Maksim yaiku prinsip kang kudu dilakoni karo panutur sajrone komunikasi karo mitra tutur
2. Katrapsilan yaiku norma-norma sosial kang ngarah ing tumindake pawongan sajrone kauripan ing masyarakat.
3. *Film* yaiku salah sawijining prastawa kang mbentuk carita kang disuguhake lumantar medhia gambar, swara, lan basa kang diolah kanti bantuan teknologi.

1.6 Panjlentrehe Tembung

1. Maksim minangka prinsip sing kudu dimangerteni dening loro pihak, panutur lan mitra tutur, nalika cecaturan supaya proses cecaturan bisa mlaku.
2. Kesopanan yaiku pranatan sosial kang nuduhake sipat utawa tumindak lakune pawongan sajrone urip bebrayan.
3. Implikatur yaiku teges utawa maksud sing ana ing ujaran, nanging kurang utawa ora langsung diwartakake.
4. Tuturan yaiku wacana kang nengenake reroncene kedadeyan kang dumadi ing wayah tartamtu, bebarengan karo partisipan, lan kahanan tartamtu.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Tinting kapustakan iki minangka babagan kang wigati tumrap panliten, amarga ing kene ngandharake panliten kang saemper ngenani maksim pangalembana lan maksim kacocogan, uga njlentrehake konsep teori utawa konsep kang dadi lelandhesane panliten.

2.1 Panliten Saemper

Panliten ngenani bab analisis prinsip katrapsilan (katrapsilan) basa iki wis nate diteliti. Luwih jangkepe kaya kang diandharake kaya ing ngisor iki.

Panliten kang kapisan ditindakake dening Ervinda Arvianti taun 2016 kanthi irah-irahan *Penyimpangan Maksim Kesopanan dalam Film La Mome Karya Olivier Dahan*. Ancase panliten iki yaiku njlentrehake wujud penyimpangan maksim kesopanan sajrone film *La Mome*. Asil saka panliten kasebut yaiku anane prinsip kerjasama kang ana sajrone Film *La Mome*. Prinsip kerjasama kaperang dadi papat, yaiku maksim kualitas, maksim kuantitas, maksim relevansi lan maksim cara. Dene maneka sipat paraga kang ana sajrone film *La Mome* yaiku ana sing ora nalar, sing nggodha, sing ngemu kejutan, sing ambigu, nampilake sing aneh-aneh, sing nglanggar tabu, bisa ngecoh wong liya, lan liya-liyane.

Pepadhane panliten iki karo panliten duweke Ervinda Arvianti yaiku padha-padha ngandharake prinsip kerja sama sajrone basa. Bedane karo panliten Choiria Fitriyati yaiku ing panliten iki ora ngrembag penyimpangan.

Banjur Tri Enderwati (2015) kanthi irah-irahan *Pelanggaran Prinsip Kerjasama dalam Film Animasi Un Monstre A Paris Karya Biba Bergeron*. Panliten kasebut munjerake ing tuturan kang dituturake dening Paraga sajrone film animasi *Un Monstre A Paris*. Panliten kasebut nduweni ancas kanggo nglasifikasikake lan ndeskripsikake wujud pelanggaran prinsip kerjasama Leech lan faktor penentu kesantunan kasebut. Sumber dhata kang digawe awujud 26 teks kang dilebokake marang kategori kang cundhuk marang klasifikasi kang kaandhut sajrone film kasebut. Metodhe simak kang digawe sajrone panliten iki, banjur diterusake kanthi teknik nyathet. Analisis dhata kang digunakake yaiku teori kasantunan saka Leech.

Panliten kasebut ngasilake: enem pematuhan maksim kesantunan yaiku 1 maksim kederawanan, 3 maksim penghargaan, lan 2 maksim kesederhanaan. Pelanggaran maksim kesantunan ngasilake rongpuluh maksim, yaiku : 7 maksim penghargaan, 6 maksim kebijaksanaan, 6 maksim kesimpatian lan 1 maksim kesederhanaan. Luwih akeh ditemokake ing pelanggaran maksim amarga ing objek kasebut ngrembag babagan pangakon lan totooan jeneng apik kang ndadekake panutur ngupaya kanggo njaga martabat dhiri lan mojokake mitratutur. Paktor panamtu kesantunan ing dhatane yaiku pamilihe tetembungan kang gayut marang nilai rasa, gaya basa yaiku majas peribahasa. Paktor non kebahasaan yaiku konteks situwasi komunikasi lan pranatan sosial budaya Ihrom (2018), kanthi irah-irahan Tindak Tutur Perlokusi sajrone Film Yowis Ben Anggitan Nugros lan Bayu Skak (Bayu Eko Moektito). Asil saka panliten iki ana telu, yaiku bentuk tutur perlokusi film Yowis Ben diperang dadi telu, (1) tutur perlokusi film Yowis

Ben (ndadekake mitra tutur nglakokake), (2) tutur perlokusi film Yowis Ben (ndadekake mitra tutur ngerti), (3) tutur perlokusi film Yowis Ben (ndadekake mitra tutur mikirake). Tanggapan mitra tutur sajrone tutur perlokusi film Yowis Ben dibagi dadi loro, yaiku (1) tindak ujar perlokusi kang ditampa lan ditampik. Tujuwan panutur sajrone tutur perlokusi film Yowis Ben dibagi dadi loro, yaiku (1) tindak tutur perlokusi karo tujuwan muji lan ngewenehi dorongan.

Sabanjure yaiku panliten dening Suci Elvira (2017) kanthi irah-irahan *Pelanggaran Prinsip Kesantunan Berbahasa dalam Film Tullah*. Panliten kasebut nduweni ancas kanggo ndheskripsikake pelanggaran prinsip kesantunan sajrone film *Tullah* kanthi nggunakake teori saka Broen lan Lavinson yaiku katrapsilan po''Siti''f lan katrapsilan negatif. Panliten kasebut nggunakake metodhe simak kanthi teknik sadap, rekam, lan cathet, kanggo ngolehi dhatane. Asil saka panliten kasebut nuduhake yen ta katrapsilan kang digunakake dening paraga sajrone film *Tullah*, kasusun saka katrapsilan positif lan katrapsilan negatif.

2.2 Konsep Basa

Basa minangka piranti kanggo ngandharake pikiran lan perasaan panutur. Basa nduweni teges minangka sistem lambang uni kang arbitrer, sing digunakake dening manungsa sajrone klompok sosial kanggo bebarengan makarya, pacaturan, lan nemtokake sejatine diri (Kridalaksana sajrone Chaer, 2007:32). Kuwi kabeh dumadi sajrone panguripan saben dinan ing bebrayan, wiwit tangi nganti bali turu maneh. Kita mbutuhake basa kanggo mbiyantu anggane urip minangka makhluk sosial kang mbutuhake siji lan liyane. Piranti sesrawungan kang utama sajrone urip lan panguripan ing bebrayan yaiku basa (Basir, 2016:76). Basa dadi wigati banget sajrone sasrawungan ing bebrayan. Amarga nalika sesrawungan, basa nduweni piguna lan tujuwan tartamtu gumantung kabutuhane panutur.

Fungsi basa miturut Soeparno (2013:15) diperang dadi fungsi umum lan fungsi kang mligi. Fungsi umume basa yaiku minangka piranti sosial utawa sesrawungan. Nalika sesrawungan ing bebrayan, kabeh pawongan mesthine nglakokake pacaturan. Piranti kanggo pacaturan yaiku basa, saengga ora ana bebrayan tanpa basa lan ora ana basa tanpa bebrayan. Fungsi kang mligine yaiku miturut Jakobson (sajrone Soeparno, 2013:18) ana enem, yaiku fungsi emotif utawa kanggo ngandharake rasa atine, fungsi referensial kanggo ngrembag prakara tartamtu, fungsi puitik kanggo ngandharake amanat utawa pesen, fungsi fatik kanggo sesrawungan marang wong liya, fungsi fonatik kanggo ngatur tumindake wong liya, lan fungsi metalingual kanggo ngrembag pigunane sawijine basa. Nanging kang paling utama fungsine yaiku kanggo komunikasi, saengga komunikasi minangka piranti

sing bisa nuwuhake sistem sosial ing bebrayan (Nababan, 1993:48).

Miturut panganggone, wernane basa bisa kaperang dadi loro, yaiku werna basa lisan lan werna basa tulis. Werna basa lisan yaiku werna basa kang digunakake kanthi cara guneman utawa pitutur kang lumrahe diandharake pawongan siji marang pawongan liyane. Werna basa tulis yaiku werna basa kang digunakake kanthi cara nulis. Werna basa liyane ana kang saka obahe awak sing nduweni arti tartamtu. Miturut pigunane, basa kaperang dadi lima, yaiku: (1) Ragam baku, utawa jinis kang paling resmi lan dianggo ing kahanan-kahanan kang khidmat uga upacara-upacara resmi, (2) Ragam resmi, yaiku jinis kang dianggo ing tanggap wacana resmi kayadene rapat dinas lan sapiturute, (3) Ragam usaha (*consultive*), jinis basa kang dianggo ing tuturan- tuturan basa ing pawiyatan, perusahaan, lan sapiturute, (4) Ragam santai (*casual*), yaiku jinis basa kang dianggo pacaturan marang kanca kanthi santai nalika gegojegan utawa dolan lan sapiturute, kang pungkasan (5) Ragam akrab (*intimate*), yaiku jinis basa kang dianggo antar kulawarga utawa kanca cedhak kanthi akrab (Nababan, 1993:53).

Saka andharan ing nduwur bisa didudut menawa basa lan pigunane basa, minangka piranti sesrawungan kang wigati lan nduweni piguna kang utama kanggo sarana komunikasi, uga piguna liyane kanggo ngandharake sekabehane pangrasa lan pikirane panutur lumantar lisan, tulisan, uga solah- tingkahe marang manungsa siji lan liyane. Saengga bisa ningkatake derajate lan bisa dadi pambada marang makhluk liyane.

2.3 Pragmatik

Pragmatik minangka salah sawijine bidhang ilmu linguistik, khusus kanggo pengkajian babagan hubungane basa lan konteks tutur. Gegayutan karo kuwi, Mey (ing Rahardi, 2003: 12) ndefisikna pragmatik yen "*pragmatics is the study of the conditions of human language uses as there determined by the context of society*" pragmatik yaiku studi ngenani kahanan-kahanan panganggone basa manungsa sing ditemtokake karo konteks masarakat '

Levinson (ing Rahardi, 2003: 12) ngandharake manawa pragmatik yaiku kajian babagan ilmu basa sing nyinaoni hubungane basa karo konteks tuturane. Konteks tuturan sing dimaksud wis diatur lan dikodifikasi kanthi ora bisa dipisahake saka struktur basane.

Miturut Tarigan (1985: 34) pragmatik yaiku telaah umum ngenani kepriye carane wong napsirake ukara. Pamanggih liyane sing disampaikan dening Leech (1993: 1) manawa wong ora bisa ngerti sejatine sipat basa yen ora ngerti pragmatik, yaiku kepriye basa digunakake ing cecaturan. Andharan kasebut nuduhake

yen pragmatik ora bisa dipisahake saka panggunaan basa.

2.4 Tindak Tutur

Tindak tutur (*speech art*) minangka unsur pragmatik sing kalebu pamicara, pamireng utawa penulis diskusi kang dirembug. Ing aplikasi kasebut, tumindak pidato digunakake dening pirang-pirang disiplin ilmiah. Menehi arti tindak tutur sing diwedharake dening ahli basa, kalebu: Austin, Searle, Chaer, lan Tarigan.

Austin (ing Rusminto, 2010: 22) luwih dhisik nglajengake istilah tumindak tutur kasebut. Austin udur manawa kegiatan ujar ora mung diwatesi, nanging uga nindakake perkara kanthi dhasar tuturan. Pamanggih Austin didhukung dening Searle (ing Rusminto 2010: 22) kanthi ngandhakake yen unit komunikasi sing paling cilik dudu ukara, nanging tumindak tartamtu, kayata nggawe pernyataan, pitakon, prentah, lan panjaluk.

Salajengipun Searle (ing Rusminto, 2010: 22) ngandharake manawa tumindak tutur minangka teori sing nyoba nyinaoni makna basa adhedhasar sesambungan wicara karo tumindak sing ditindakake dening pembicara. Panaliten kasebut adhedhasar tampilan manawa (1) tuturan yaiku cara komunikasi lan (2) tuturan anyar nduweni makna yen diwujudake ing tumindak komunikasi sing nyata, umpamane nggawe pernyataan, pitakon, pesenan, lan panjaluk. mujudake karakteristik ucapan ing komunikasi. Kasedhiya manawa ing sadhar wicara utawa wacana, ana sing nindakake sesuatu, yaiku pagelaran tumindak kasebut. Adicara kanthi wujud tumindake diarani ujaran *performative*, yaiku sing dikarepake kanggo nindakake sawijining tumindak.

Chaer (2004: 16) ngandharake, tindak tutur yaiku gejala individu, psikologis ing alam lan kaslametane ditemtokake dening kamampuan saka pamicara kanggo ngatasi kahanan tartamtu. Ing tindak tutur, luwih katon ing makna utawa makna tindak ing tuturan, nalika Tarigan (1990: 36) ngandharake manawa gegayutan karo tindak tutur, saben ujaran tartamtu ngemot tujuwan lan tujuan tartamtu. Kanthi tembung liyane, yaiku panutur lan mitratutur melu kegiatan berorientasi tujuan. Selaras karo informasi iki, instrumen ing panliten iki nuduhake teori tindak tutur.

2.4.1 Klasifikasi Tindak Tutur

Ngenani tuturane, Austin (ing Rusminto, 2010: 22-23) mengklasifikasikake tindak tutur ing telung klasifikasi, yaiku tindak tutur lokusi, tindak tutur ilokusi, lan tindak tutur perlokusi.

- 1) Tindak tutur lokusi yaiku tumindak proposisi sing ana ing kategori ngucapake babagan (tumindak sing ujar sesanti). Mula saka iku, prioritas sajrone tumindak lokusi

yaiku ujaran wicara sing diandharake dening panutur. Bentuk tumindak diskusi yaiku tuturan sing ngemot pernyataan utawa babagan prekara. Leech (ing Rusminto, 2010: 23) ngandharake manawa tumindak basa luwih kurang padha karo ukara sing ngemot makna lan referensi. Tuladhane tindak tutur lokusi yaiku.

(1) Andi sinau nulis

(2) Sandhangan sampeyan reged banget.

Kaloro ukara ing ndhuwur ngucapake panulis mung menehi informasi apa-apa tanpa prekara apa wae, utamane pengaruh kanggo mitra.

2) Tindak tutur ilokusi yaiku tindak tutur sing ngemot kekuwatan kanggo nindakake tumindak tartamtu sing ana hubungane karo ujaran manawa (*an act of doing somethings in saying somethings*). Tumindak kaya janji, nawakake, utawa pitakonan sing diwedharake ing tuturan. Moore (ing Rusminto, 2010: 23) ngandharake manawa tindak tutur ilokusi yaiku tindak tutur sing nyata utawa nyata sing diowahi kanthi resmi, kayata janji, komentar, lan peringatan. Ngenali tindak ilokusi luwih angel yen dibandhingake karo tindak lokusi, amarga ngidentifikasi tindak ilokusi kudu nimbang panutur lan mitratutur, kapan lan ing ngendi tuturan kasebut dumadi, lan saluran apa sing digunakake. Mula, tindak ilokusi minangka bagean penting kanggo ngerteni tindak tutur. Gatekake tuladha tindak tutur ilokusi iki

(3) Aku ora mangkat.

Tuturan dhata (3) Aku ora mangkat., tuturan iki kedadeyan dina Minggu nalika panutur nelpon mitratutur lan wektu iku udan. Panutur duwe janji karo mitratutur kanggo budhal bebarengan. Andharan iki ora mung menehi kabar, nanging ana tujuan liyane sing dikarepake dening panutur. Penutur kasebut bener-bener pengin njaluk ngapura marang mitratutur amarga dheweke mbatalake janji kanggo budhal bareng amarga udan. Informasi sing diwenehake dening panutur kasebut ora pati penting banget amarga mitra tutur kasebut ora bisa lunga amarga kahanae mitra uga uga udan kaya sing kedadeyan ing panutur

3) Tindak tutur perlokusi yaiku efek utawa akibat sing disebabake saka panutur marang mitratutur, saengga mitra tutur kasebut njupuk tindakan adhedhasar isi tuturan. Levinson (ing Rusminto, 2010: 23) ngandharake manawa

tindak tutur perlokusi luwih prihatin karo asil, amarga tindak tutur iki bisa sukses yen mitra tutur nindakake prekara sing dikarepake dening panutur. Tuladhane yaiku.

(4) Wingi rame banget.

Tuturan (4) Wingi rame banget. Ukara iki ngemot tumindak njaluk ngapura, lan tumindak ngarep-arep (efek) pangarep-arep manawa wong sing ngajak bisa ngerti.

Sauntara iku, Searle (ing Rusminto, 2009: 71) mbedakake tumindak ilokusi dadi limang bagean kaya ing ngisor iki.

1) Tindak tutur asertif, yaiku ilokusi ing ngendi panutur kaiket karo kabeneran preposisi sing ditulis, umpamane nyatakake, ngusulake, ngegungake, ngandharake panemu, nglaporake. Ing ngisor iki minangka conto jinis tuturan asertif.

(5) Kepiye yen kita menyang Lombok taun iki?

Tuturan ing ndhuwur yaiku usul kanggo ngandhani mitratutur manawa panutur ngusulake papan sing dingerteni dening panutur, papan kasebut minangka papan wisata sing apik.

2) Tindak tutur yaiku ilokusi sing nduweni tujuan kanggo ngasilake efek tumindak sing ditindakake dening mitratutur, (tumindak tumindak ilokusi iki dening Leech diarani tindak tutur impositif), kayata mrentah, nggawe pesenan, takon, menehi saran, lan ngomongi.

3) Tindak tutur ekspresif, yaiku ilokusi kang nduwe fungsi kanggo nyatakake sikap psikologis panutur babagan syarat-syarat sing ditrapake ing illokusi, kayata ucap matur nuwun, ucapan, utawa nyuwun tulung, menehi kritik, ngucapake takziah. Tuladhane yaiku

(6) Aku melu belasungkawa kanggo sedhane mbahmu

Tuturan (6) kanthi wujud ilokusi ekspresif sing nyatakake sikap psikologis panutur tumrap kahanan sing tersirat ing illokusi.

4) Tindak tutur komisif yaiku ilokusi ing ngendi panutur kasebut kudu tumindak ing mangsa ngarep, umpamane janji, menehi hadiah, menehi sumpah. Tuladhane yaiku.

(7) Adhik pengin ditumbaske apa nek mas wis kerja mengko?

Awujud tawaran komisif. Ing tuturan ndhuwur panutur bisa dienggo tumindak ing mbesuk yen ana tawaran kanggo tuku barang.

5) Tindak tutur deklaratif, yaiku ilokusi sing digunakake kanggo njamin gathuke ing antarane isi lan kasunyatan, umpamane mbaptis, murub, menehi jeneng. Tuladhane yaiku.

(8) Wiwit sesuk, kowe ngalih saka perusahaan iki.

Yaiki tindak ilokusi deklaratif, yaiku ilokusi kang digawe kanggo masthikake gathuke antarane isi proposisi lan kasunyatan. Tuturan iki arupa tuturan pemecatan kang diandharake karo kepala perusahaan marang bawahane.

Ing panliten iki, panliten nggunakake analisis tindak tutur kanthi tindak ilokusi. Yaiku tindak tutur kang saliyané nyatakake utawa menehi informasi, uga nduweni pungsi kanggo nglakokake tumindak utawa samubarang "*the act of doing something*". Banjur tuturan kang trep karo panliten iki yaiku modhel tuturan ekspresif (*expressive*), asertif (*assertive*), direktif (*directive*) lan komisif (*commissive*) kanthi panjlentrehan kang wis diandharake ing nduwur.

2.4.2 Konteks Tutur

Tindak tutur ora bakal dipisahake saka konteks ing papan kasebut, mula tuturan bakal luwih migunani manawa ana gandhengane karo konteks. Konteks Grice (ing Rusminto, 2009: 53) minangka latar mburi kawruh sing dienggo karo panutur lan mitratutur sing ngidini mitratutur ngitung tuturan lan napsirake makna saka tuturan panutur. Sawetara iku, Schiffirin (ing Rusminto, 2010: 56) nemtokake konteks minangka jagad sing dipenuhi wong sing ngasilake tuturan utawa kahanan babagan struktur sosial tuturan minangka bagean saka konteks ilmu sing diucapake lan diinterpretasi. Dadi, konteks kasebut ora mung prihatin karo ilmu, nanging minangka seri lingkungan sing wicara, diangkat lan diinterpretasi minangka realisasi adhedhasar aturan sing ditrapake ing komunitas panganggane basa.

Tarigan (1990: 35) negesake manawa konteks minangka kawruh latar mburi sing dikira bisa ditrapake lan disepakati karo panutur (utawa penulis) lan sing ngrungokake (utawa maca) lan ndhukung interpretasi (utawa maca) interpretasi apa tegese panutur (utawa penulis). kanthi salam tartamtu. Adhedhasar andharan ing ndhuwur, bisa didudut manawa konteks yaiku sawijining perkara sing bisa mengaruhi makna tuturan saka wong sing nduweni kahanan, sosial, lan latar budaya sing padha.

Sajrone proses komunikasi, dumadi prastawa sosial sajrone interaksi antawise panutur lan mitra tutur

sajrone prastawa utawa kahanan tartamtu kang biasa kasebut karo prastawa tutur. Miturut Dell Hymes (1972:58) prastawa tutur kudu menehi 8 komponen. Komponen kasebut diarani *SPEAKING*, yaiku.

- S (*setting & scene*), *setting* yaiku wektu lan panggonan tutur dumadi. *Scene* yaiku kahanan panggonan lan wektu (swasana cecaturan)
- P (*participant*), yaiku pihak-pihak sing terlibat sajrone tuturan kayata panutur lan mitra tutur.
- E (*end*), yaiku teges utawa tujuwan sing pingin digayuh sajrone proses tuturan sing dumadi.
- A (*act sequence*), ngacu ing wujud lan isi ujaran sing ana ing sajrone nalika panutur lagi cecaturan (*action*). Perkara iki mathuk karo pilihan ukara kang digunakake, hubungan antawise apa kang diujarake kanthi topik sing lagi diomongake.
- K (*key*), ngacu ing nada, intonasi, semangat, lan cara ujaran iku diucapake, apa kanthi bungah, nesu, gegojekan utawa sedhilih.
- I (*instrumentalities*), ngacu ing piranti sing digawe kanggo ngandharake tuturane, kayata kanthi basa lisan, katulis utawa isyarat.
- N (*norm*), ngacu ing norma-norma kang ana neng ndi wae prastawa tuturan kasebut dumadi, misale sing sambungrapet kanthi cara takon utawa interupsi.
- G (*genres*), ngacu ing wujud ngandharake pesen kasebut, misale arupa dialog, prosa, geguritan, phidato, lsp.

2.5 Maksim Katrapsilan

Nalika ana proses komunikasi, ora mesthi ana gandhengane karo masalah tekstual, kadhangkala non-tekstual. Kanggo masalah sing asipat interpersonal unggah-ungguh digunakake. Miturut Wijana (2009: 53) "minangka retorika teks pragmatik mbutuhake prinsip kerjasama, lan retorika interpersonal pragmatik mbutuhake prinsip liyane, yaiku kesantunan unggah-ungguh." Pangerten maksim kesopanan bisa diarani minangka seperangkat aturan kang asipat sosial, estetika lan moral sing dikepengini dening manungsa ing obrolan utawa tindak tutur.

Banjur ing ngrumusake basa Indonesia, Wijana lan Rohmadi (2009: 53) nerangake manawa prinsip kesopanan nduweni peranan maksim, yaiku maksim kawicaksanan, maksim katrima, maksim kemurahan, maksim andhap, maksim kacocogan lan maksimal simpati. Katrapsilan umumé ana hubungane karo rong partisipan sing diarani awake dhewe (*self*) lan wong liya (*other*). Kanthi onvensional awake dhewe minangka panutur lan wong liya minangka mitratutur.

Ing proses komunikasi, peserta tutur kudu manut maksim-maksim babagan sopan santun supaya proses komunikasi sing apik ana. Nanging, ana kalorone panutur lan mitratutur ora nggatekake prinsip kesopanan kanggo tujuan sing spesifik, nyebabake pelanggaran kesopanan maksim. Kanggo luwih jelas babagan maksim kaloman bisa dideleng ing deskripsi ing ngisor iki.

2.5.1 Maksim Wicaksana

Maksim iki diarahake ing tuturan impositif lan komisitif. Maksim iki negesake saben tuturan peserta kanggo minimalake kerugian wong liya utawa nggedhekake keuntungan kanggo wong liya. Ing prekara iki, Leech (ing Wijana, 1996: 30) ngandhakake, yen luwih dawa omongane wong liya, luwih dikarepake wong dadi sopan karo panutur. Mangkono ujaran sing ora diwedharake kanthi ora langsung, biasane luwih sopan tinimbang tuturan sing diwartakake langsung. Pranowo (2009: 122) tuturan manawa maksude kawicaksanaan prentah yen panutur tansah menehi mupangat tumrap mitratutur nalika komunikasi.

2.5.2 Maksim Kaloman

Maksim kaloman ngutamakake tuturan ilokusi-ilokusi impositif lan komisitif. Ing prinsip maksim kaloman yaiku gawe rugine dhiri luwih akeh lan gawe untunge wong liya luwih akeh. Leech ngandharake “*The Approbation maxim states; minimize the expression of beliefs which express dispraise of other; maximize the expression of beliefs which express approval of other*” (Leech sajrone Jenny Thomas, 1996:162).

Inti saka maksim kaloman yaiku ngurangi untung dhiri pribadi, nambahi untunge wong liya. Menawa tiyap panutur bisa nglaksanakake inti saka maksim kaloman iki sajrone tuturan lan tumindak saben dina, ndadekake dengki, iri, lara ati antarane panutur lan wong liya bisa ora.

2.5.3 Maksim Pangalembana

Maksim pangalembana diandharake karo tuturan ilokusi-ilokusi asertif lan ekspresif. Ing prinsip maksim pangalembana yaiku ngelem wong liya luwih akeh lan ngala-ala wong liya luwih sithik. Maksim pangalembana ngutamakake wong liya. Leech ngandharake “*The Generosity maxim states; minimize the expression of benefit to self; maximize the expression of cost to self*” (Leech sajrone Jenny Thomas, 1996:162).

Anane maksim pangalembana iki, diajab panutur ora sapenake ngrendhake utawa ngala-ala wong liya. Amarga tindak ngala-ala kalebu tindak kang ora santun lan kedah diadonke nalika nutur. Maksim iki ndadekake para panutur nduweni rasa kurmat marang sapa wae. Yen panutur ora bisa ngormati wong liya,

tegese ora bisa nggunakake katrapsilan basa kang becik. Sajrone maksim iki, kang paling wigati ora ngala-ala mitra tutur, ora ngrendhake mitra tutur, lan menehi pangalembana saakeh-akehe marang mitra tutur. Aja nganti nuturake bab-bab kang ora nyenengake wong liya utamane ngenani mitra tutur.

2.5.4 Maksim Anorrage

Maksim anorrage diandharake karo tuturan ilokusi-ilokusi asertif lan ekspresif. Ing prinsip maksim anorrage yaiku ngala-ala awake dhewe luwih akeh lan ngelem awake dhewe luwih sithik. Maksim Anorrage ngutamakake awake dhewe. Leech ngandharake “*The modesty maxim states minimize the expression of praise of self, maximize the expression of dispraise to self*” (Leech sajrone Jenny Thomas, 1996:163)

Sajrone maksim iki, diajab para panutur bisa ora ngala-ala siji lan liyane, utawa nrendhake wong liya. Panutur kang asring ngala-ala marang mitra tutur, bisa dimastani minangka panutur kang ora nduweni katrapsilan. Amarga tindak ngala-ala minangka tindak kang ora ngajeni wong liya. Saengga, panutur diajab bisa nduweni sikap adhap asor, seangga bisa ndadekake punjer kawigaten ana ing dhiri pribadi.

2.5.5 Maksim Kacocogan

Maksim kacocogan diutamakake karo tuturan ilokusi-ilokusi asertif lan ekspresif. Ing prinsip maksim kacocogan ngupaya supaya kacocogan antarane awake dhewe karo wong liya luwih akeh lan ngupaya supaya kacocogan antarane awake dhewe karo wong liya saithik. Leech ngandharake “*The Agreement runs as follows; minimize the expressions off dragement between self and other; maximize the expressions off agreement between self and other*” (Leech sajrone Jenny Thomas 1996:160)

Maksim kacocogan dhewe asring dimemperke karo maksim kacocogan. Sajrone maksim kacocogan iki, para panutur bisa nuwuhake kacocogan utawa kacocogan nalika ngandhani cecaturan. Yen ana kacocogan utawa kacocogan antarane panutur lan mitra tutur nalika ngandhani cecaturan, kalorone bisa dimastani nduweni sikap santun (Rahardi, 2005:64). Sajrone maksim iki, bebrayan biyasane nggumedhekake kacocogan karo tuturan *penyesalan*, kacocogan saperangan, lan sapiturute kaya tuladha ing ngisor iki.

2.5.6 Maksim Simpati

Maksim iki diandharake kanthi ujaran ekspresif lan asertif. Maksim simpati mbutuhake saben peserta kanggo maksimalake simpati lan nyuda rasa antipati menyang mitratutur. Yen mitratutur entuk sukses utawa rasa seneng, panutur kudu menehi ucapan selamat. Nalika mitartutur nemu masalah utawa

bencana, pamicara pantes nandhang sungkowo utawa ngucapake bela sungkawa minangka tandha simpati.

Adhedhasar teori sing wis diwenehake, dijaluk kesimpulan yen sesambungan, prinsip kesopanan lan kesopanan kudu dipikirake kanthi tliti, supaya asil mengko mitra tutur rumangsa dihormati, lan sapiturute dening panutur, mula dadi mitra tutur rumangsa seneng nalika cecaturan. Nanging, ora mung tuturan, uga kudu nggatekake sawetara maksimal sing kasebut ing ndhuwur, mitratutur uga kudu menehi perhatian, saengga sajrone ngandhakake prinsip kesopanan lan kesantunan prinsip kasebut diadegake antarane panutur lan mitratutur.

2.6 Implikatur

Sajrone cecaturan, saben wujud tuturan ngisyaratke anane teges tartamtu kang ora diomongake kanthi eksplisit. Kanggo mangerteni apa kang ditegesi karo panutur, mitra tutur mesthi ngelakoni interpretasi ing tuturan-tuturane. Anane teges kasebut nduweni guna minangka pangiket komunikasi antar panutur lan mitra tutur. Miturut Yule (2006:61) sajrone komunikasi, panutur lan mitra tutur kadhapuk sajrone cecaturan kang dimaksud kanggo ngandharake informasi utawa idhe. Informasi kasebut nduweni teges tartamtu sajrone ukara-ukara utawa tembung kang dipocapake. Teges kasebut diarani Implikatur.

Implikatur diperang dadi rong jinis, yaiku implikatur konvensional lan implikatur cecaturan. Implikatur cecaturan bisa ditafsirake gayuh karo kemampuane peserta tutur. Kanggo bisa mangerteni implikatur cecaturan diperlokake pangerten babagan kahanan tutur lan kawruh umum. Chaer (2010:33) ngandharake implikatur cecaturan yaiku anane kagayuhan antawise ujaran saka panutur klawan mitra tutur lan didhukung kanthi anane konteks. Implikatur cecaturan luwih akeh nduweni penafsiran ngenani pangerten marang teges. Amarga iku, pangerten teges kang tersurat gumantung banget karo konteks dumadine cecaturan kasebut.

Implikatur yaiku konsep kang wigati sajrone kajian pragmatic kanggo bisa mangerteni teges saka tuturan kang diandharake karo panutur. Ana macem-macem panganggo sajrone panganggane konsep implikatur kasebut. Levinson (1983: 97-100) ngandharake yen ana patang guna konsep implikatur sajrone cecaturan, yaiku (1) bisa garai dientukake njlentrehan fungsional sing nduweni teges kanggo fakta-fakta bebasaan kang ora kagayuh karo teori-teori linguistik, (2) menehi andharan kanthi teges lan eksplisit babagan kepriye kamungkinanane, yen panganggane basa bisa nangkup implikasi/pesen, masiya kang dipocapake bedha kanthi maksud kang diandharake karo sing nggawe basa, (3) bisa nyederhanakake pemerian semantic lan pambédha hubungan antarklausa, masiya klausa-klausa kasebut disambungake kanthi struktur tembung sing padha, lan

(4) bisa ngandharake fenomena (gejala) bebasa kang ketok ora katon nduweni sambung rapete utawa kawalikane, ananging tibake nduweni hubungan kang komunikatif.

2.7 Pangerten Film

Miturut kamus *Besar Bahasa Indonesia* (1995:276) film yaiku selaput tipis kang digawe saka seluloid kanggo panggon gambar negative teka objek. Film uga ateges lakon (carios) gambar urip. Definisi film miturut UU 8/1992, yaiku karya cipta seni lan budaya kang kalebu medhia komunikasi sing digawe adhedhasar asas sinematografi kanthi direkam ing pita seluloid, pita video, piringan video, lan bahan asil panemon teknologi liyane. Wujud, jinis, lan ukuran digawe liwat proses kimiawi, proses elektronik utawa proses liyane becik iku nggawe swara utawa ora, kang bisa ditampilake utawa ditayangake kanthi sistem proyeksi mekanik, elektronik, lsp. Miturut *Pusat Apresiasi Seni Film*, medhia kang pengaruh banget, ngluwihi medhia-medhia sing liya yaiku film. *Audio* lan *visual* sajrone film bisa kabentuk kanthi apik sahingga nggawe penonton ora bosan lan luwih gampang ngeling. Film bisa diperang dadi 2 jinis, yaiku film carios (fiksi) lan film ora carios (non fiksi). Sajrone film ana akeh cecaturan lan tuturan kang bisa dilakoni paraga. Teges cecaturan bakal luwih dimangerteni kanti nyatutake konteks tuturan.

Film “Siti” yaiku salah sawijine film kang nduweni akeh cecaturan utawa tuturan. Film “Siti” nyaritakake ngenani wanita sing jenenge “Siti” (Sekar Sari), umur 24 taun. “Siti” minangka ibu kang ijk enom sing kudu ngopeni ibune, Darmi (Titi Dibyo), anake Bagus (Bintang Timur Widodo), lan bojone, Bagus (Ibnu Widodo “Gundul”). Bagus ngalami kacilakan nalika ing segara taun kepungkur, nyebakake awake dadi lumpuh. Kapale Bagus sing teka utangan ilang ing segara. “Siti” kudu berjuang nyengkuyung lan mbayar utang marang Pak Karyo (Chatur Stanis). Nalika kahanan wis kaya mengkunu, “Siti” kepeksa kerja awan lan wengi. Isuk nganti sore “Siti” adol Peyek Jingking ing Parangtritis. Ing wayah wengi “Siti” kerja sambilan dadi pemandhu karaoke kanggo nambah pengasilan. Kerja minangka pemandhu karaoke garai Bagus ora seneng karo “Siti” lan nggawe dheweke ora kepengin ngomong-omongan karo “Siti”. Kahanan kasebut nguciwani “Siti”. Gatot (Haydar Saliz), pulisi sing kenal karo “Siti” ing papan karaoke, dheweke wis seneng karo “Siti” lan kepengin omah-omah. Gatot njaluk supaya “Siti” ninggalake bojone. “Siti” ora mangu-mangu. Tekanan urip nggawe “Siti” kudu milih.

2.8 Kerangka Teori

Teori kang digunakake sajrone panliten iki yaiku teori katrapsilan basa saka Leech, yaiku saka buku kang wis diterjemahake karo Oka. Leech ngandharake, yen prinsip-prinsip kesopanan (katrapsilan) basa sajrone pragmatik, ana nem maksim,

yaiku, maksim kaloman (*generosity maxim*), maksim wicaksana (*tact maxim*), maksim anorrage (*modesty maxim*), maksim pangalembana (*approbation maxim*), maksim simpati (*sympathy maxim*) lan maksim pangalembana (*approbation maxim*) (Leech 1983, terjemahan Oka 2015:206-207).

Ing sajrone maksik kaloman, Leech merang saka nem maksim dadi loro-loro. Kang kapisan yaiku maksim kaloman lan maksim wicaksanan, yaiku kang nggunakake sistem untung-rugi. Kapindo yaiku maksim anorrage lan maksim pangalembana, kang nggunakake kecaman. Ing pungkasan yaiku maksim simpati lan maksim sepakat, kang nggunakake sistem sepakat (Leech 1983, terjemahan Oka 2015:207).

Ana lima skala katrapsilan kang diandharake dening Leech. Skala iki digunakake kanggo nemtokake tuturan kang dituturake dening panutur utawa mitra tutur nggunakake katrapsilan basa sing wis bener apa durung. Skala-skala katrapsilan kasebut, yaiku.

- (1) *Authority scale* utawa skala keotoritasan, hubungan status sosial antarane panutur lan mitra tutur ing sawijining tuturan. Saya adoh jabatan utawa pangkat sosiale, tuturan kang digawe saya loman. Sawalike yen saya cedhek status sosiale, bisa luwih ora loman nalikane cecaturan.
- (2) *Cost-benefit scale* utawa skala rugi-untung, nuduhake gedhe cilike rugi lan untung kang kedadeyan nalikane tuturan. Yen tuturan kasebut luwih ngrugikake panutur, tuturan kasebut dadi luwih santun. Yen sawalike, tuturan kasebut nguntungake panutur, tuturan kasebut dianggep ora santun.
- (3) *Indirection scale* utawa skala ora langsung, nuduhake marang peringkat langsung utawa ora langsung teges utawa maksud saka tuturan. Yen tuturan kasebut nduweni sipat langsung, tuturan kasebut bakal dianggep ora santun, nanging yen tuturan kasebut ora langsung, tuturan kasebut dianggep santun.
- (4) *Optionally scale* utawa skala pilihan, nuduhake akeh sithike thithike pilihan kang ditawakake dening panutur marang mitra tutur sajrone tuturan. Yen tuturan kasebut bisa ndadekake panutur utawa mitra tutur nemtokake pilihan kang akeh, tuturan kasebut bisa dianggep luwih santun.
- (5) *Social distance scale* utawa skala jarak sosial, nuduhake peringkat hubungan sosial antarane panutur lan mitra tutur. Bisa dideleng yen cedhak peringkat sosial antarane panutur lan

mitra tutur, bisa ndadekake kurange katrapsilan sajrone tuturan. Nanging, yen luwih adoh jarak peringkat sosiale, tuturan kasebut bisa luwih santun. Akrab orane ubungan antarane panutur lan mitratutur bisa nemtokake peringkat katrapsilan basa kang digunakake nalika tuturan.

METHODE PANLITEN

Ing bab iki bakal dirembug nem perkara kang bakal diandharake. Perkara iki ana sesambungane karo metode kang di gunakake sajroning panliten iki. Nem perkara mau yaiku ancangan panliten, sumber dhata lan dhata, instrument panliten, tata cara nglumpukake dhata, tata cara njlentrehake dhata, lan tata cara nyuguhake asil panliten.

3.1 Ancangan Panliten

Panliten iki migunakake panliten kualitatif, metodhe dheskriptif. Panliten kualitatif yaiku panliten kang nduweni maksud kanggo mangerteni fenomena ngenani apa kang dialami dening subjek panliten kayadene tumindake, pikirane, motivasine lan kanthi cara dheskriptif sajrone tembung-tembung lan basa, sajrone konteks kang mligi (Moleong, 2008: 6).

Menawa miturut Mahsun (2005: 86), metodhe dheskriptif ana telung tahapan palaksanane yaiku nglumpukake dhata, njlentrehake dhata, lan ngandharake asil jlentrehane dhata. Cara ngandharake dhata, kang kapisan njlentrehake dhata kanthi nggayutake marang titiwanci struktur basane. Kapindho, jlentrehake dhata kanthi njingglengi konteks panganggone. Jlentrehane kasebut kanthi wujud tekstual lan kontekstual. Saka panjlentrehane ing nduwur, panliten iki bisa diarani migunakake panliten kualitatif kanthi metodhe dheskriptif. Amarga panliten iki nlinti tumindake subjek panliten kang wujud dhata basa, arupa tembung-tembung sajrone pacaturan *film* "Siti". Lan sabanjure bakal dijlentrehake siji mbaka siji adhedhasar teori prinsip kerjasama Grice.

3.2 Sumber Dhata lan Dhata

Sumber data yaiku subjek panliten kang kalebu data kasebut dilampirake. Sumber data bisa awujud obyek, gerakan, manungsa, papan lan sapiturute. Dene sumber data ing PSBK yaiku dhata sing ana gandhengane karo panliten sosial budaya agama iku dhewe kanthi cara metode kuesioner utawa metode Observasi.

Dhata iku cathetan kumpulan fakta. Dhata minangka wangun jamak saka tembung datum, asal saka basa Latin kang tegese "saweneh kang diwenehake". Sajroning panganggone sadina-dina data ateges siji pratelan kang ditampa kanthi apa anané. Pratelan iki wujud asil pangukuran utawa pangamatan

siji variabel kang wangune bisa wujud angka, tembung, utawa citra.

Sajeroning kaelmuan (elmiah), fakta diklumpukake supaya dadi dhata. Dhata banjur diolah saengga bisa ditampilake kanthi cetha lan trep, lan bisa dimangerteni dening wong liya kang ora langsung ngalami dhewe, bab iki dijenengake dheskripsi. Pamilihan data miturut pepadhan lan prabedan kang dikandhut dijenengake klasifikasi

Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku *film* “Siti” kang ngamot frasa, klausa, tembung lan ukara. Dene objek kang diteliti dening panliten sajrone *film* “Siti” iki, yaiku basa cecaturan kang ana sajrone *film* iki kang dituturake dening paraga-paraga sajrone *film*.

3.3 Instrumen Panliten

Miturut Moleong (2010:9), instrumen utama sajrone panliten kualitatif yaiku panliti iku dhewe (*human instrument*) utawa kanthi bantuwan wong liya minangka nglumpukake dhata utama lan bisa berhubungan kanthi objek liyane. Nalika nglumpukake dhata, panliten nglakoni studi pustaka sajrone ngamati lan nлити *film* “Siti” anggitan Eddie Cahyono. Sajrone perkara iki, panliti minangka wong kang mangerteni kawruh ngenani kajian linguistik, khusus ing bidhang pragmatik. Panliti dituntut kanggo nduweni kawruh kang cukup sahingga bisa nglakoni kajian ngenani maksim katrapsilan lan teges kang ana (implikatur) sajrone maksim kasebut.

Instrumen panliten minangka alat sing digunakake ing metode nglumpukake dhata dening panliten kanggo nganalisa asil panliten sing ditindakake ing langkah panliten sabanjure. Ing prinsip, instrumen panliten duwe ketergantungan karo dhata-dhata sing dibutuhake, saengga saben panliten milih instrumen panliten kang bedha antarane siji karo liyane. Dene piranti kang digunakake kanggo panliten iki yaiku *film* “Siti”, lan nggunakake piranti liyane, yaiku: (1) *software microsoft word* kanggo nulis objek panliten, yaiku cecaturan sajrone *film* “Siti”, (2) *Media Player Classic* kanggo muter *film* “Siti”, (4) *Headset* utawa *Sound* kanggo ngrungokakake cecaturan supaya bisa luwih cetha.

3.4 Tata Cara Nglumpukake Dhata

Metodhe simak sajrone panliten iki nggunakake teknik lanjutan arupa teknik catet. Teknik catet digawe minangka teknik sajrone nglumpukake dhata. Teknik catet yaiku nyatet perangan wujud kang relevan kanggo panlitene saka panganggone basa kanthi kaserat (Mahsun, 2005:93). Sajrone proses nglumpukake dhata, ana proses kang dilakoni, yaiku. (1) *Download film* “Siti” saka *YouTube* (2) Nyemak *film* “Siti” kanthi bola-bali supaya mangerteni *film* kasebut. (3) Panliti nyemak lan nyatet tuturan kang ana sajrone *film* “Siti”. Saben tuturan diketik supaya ora ana kleru anggone ngetik transkrip naskah. (4) Sawise

dhata nglumpuk, panliti nggolongake tuturan kasebut dadi babag-babag lan nggawe panyendhak kanggo nggampangake nalika analisis dhata.

3.5 Tata Cara Njlentrehake Dhata

Analisis dhata yaiku proses njlentrehake dhata supaya bisa mangsuli perkara kang ana sajrone panliten lan supaya luwih gamblang anggone nлити perkara. Ana perangan prosedur sajrone analisis dhata iki, yaiku (1) Nglumpukake dhata (2) Nyeleksi dhata (3) Klasifikasi dhata, lan (4) Nganalisis dhata.

3.6 Tata Cara Nyuguhake Asil Panliten

Sajrone panliten iki, dhata disuguhake kanthi cara informal. Tata cara nyuguhake asil panliten kang informal, yaiku.

BAB I: Ngandharake lelandhesane panliten, underan panliten, ancase panliten, paedah panliten, lan panjlentrehane tetembungan.

BAB II: Ngandharake panliten kang saemper lan lelandhesan teori kang digunakake sajrone panliten.

BAB III: Ngandharake jinis panliten, dhata lan sumber dhata, instrumen panliten, tata cara pangumpulane dhata, tata cara njlentrehake dhata, lan tata cara nyuguhake asil panliten.

BAB IV : Ngandharake andharan lan panjlentrehane dhata.

BAB V : Ngandharake dudutan lan pamrayoga

ANDHARAN ASIL PANLITEN

Sajrone bab iki, panliti nyuguhake asil saka nglumpukake dhata lan mangsuli apa wae kang wis dadi underane panliten. Bab-bab kang diandharake yaiku ngenani (1) Mangerteni maksim pangalembana kang leres lan kang nyimpang kang dilakoni karo paraga sajrone *film* “Siti” anggitan Eddie Cahyono. (2) Mangerteni maksim kacocogan kang leres lan kang nyimpang kang dilakoni karo paraga sajrone *film* “Siti” anggitan Eddie Cahyono.

4.1 Wujud Katrapsilan Basa sajrone Film “Siti”

Wujud katrapsilan basa ana nem maksim, yaiku, maksim kaloman, maksim wicaksana, maksim kesederhanaan, maksim pangalembana, maksim simpati lan maksim sepakat. Dene sajrone *film* “Siti”, maksim kang paling unja yaiku maksim pangalembana lan maksim kacocogan, kang badhe diandharake lan dijlentrehake ing ngisor iki.

4.2 Maksim Pangalembana sajrone Film “Siti”

Maksim pangalembana minangka salah sijine maksim sajrone prinsip katrapsilan basa. Maksim

pangalembana yaiku maksim kang minimalake ngasorake marang wong liya; lan maksimalke pujian marang wong liya. Sajrone maksim Pangalembana iki bakal diperang dadi loro, yaiku maksim kang leres karo maksim pangalembana lan maksim kang nyimpang saka maksim pangalembana.

4.2.1 Maksim kang Leres saka Maksim Pangalembana

Sajrone maksim iki, maksim kang leres saka maksim pangalembana minangka maksim kang ngalem marang wong liya (dudu awake dhewe). Kanggo mangerteni bab iki, tuladhane bisa dideleng ana ing ngisor iki.

- (1) Siti : “Kowe percaya surga, Mas?”
“Kamu percaya surga, Mas?”

Bagus : “Embuh Ti...”

“Ning aku percaya karo laut.”
“Entahlah Ti...”
“Tapi aku percaya dengan laut”

Siti : “Kok isa?”

“(Kok bisa?)”

(S. B2. Kc 125)

Cuplikan tuturan (1), tuturan saka panutur minangka wanita sing wis baliwiswa. Tuturan kasebut dumadi neng pinggir pantai Parangtritis (S). Tuturan kasebut dilakoni dening Siti lan Bagus (P). Tuturan kang dipocapake dening Bagus nduweni tujuwan kanggo menehi pujian kanggo laut sing wis menehi pangan (E). Siti lan Bagus lungguh sesandingan neng pinggir pantai Parangtritis (A). Banjur, Siti nanggepi wangsulane Bagus kanthi tembung *Kok isa?* Merga siti bingung karo wangsulane Bagus (K). Tuturan kasebut dipocapake kanti lisan (I). Tuturan kang dipocakae Gatot wis sopan (N). Tuturan neng nduwur awujud dialog (G).

Adhedhasar cuplikan tuturan ing nduwur, nuduhake yen anane panganggonane prinsip katrapsilan basa. Prinsip kesopanan (katrapsilan) kang digunakake yaiku maksim pangalembana kang leres. Neng kene, kang nggunakake maksim pangalembana kang leres yaiku mitratutur. Ing cuplikan kasebut, panutur lagi ana neng pinggir pantai Parangtritis. Nalika neng dalan, dheweke ngrasa sedhih amarga kelingan omongane bojone yaiku Bagus. Tekan omongan iku mitratutur muji marang laut amarga wis menehi pangan.

4.2.2 Maksim kang Nyimpang saka Maksim Pangalembana

Sajrone maksim iki, maksim kang nyimpang saka maksim pangalembana minangka maksim kang ngelek-ngelek marang wong liya (dudu awake dhewe).

Kanggo mangerteni bab iki, tuladhane bisa dideleng ana ing ngisor iki.

- (38) Mrydi: “KTP ora nduwe?
 Jenengmu sapa?”

*“KTP tidak punya?
 Namamu siapa?”*

Inem: “Inem”

Mrydi: “Warga negara ngendi ora nduwe KTP?!”

“Warga negara mana tidak punya KTP?!”

(S. B1. Kc 135)

Cuplikan tuturan (38), tuturan saka panutur minangka salah sawijine pegawe karaoke. Tuturan iki kedadeyan neng ngarepe panggonan karaoke. Banjur Mrydi nyacat lan ngasorake Inem amarga deweke ora nggawa KTP nalikane digrebeg.

Tuturan kasebut dumadi neng ngarep panggonan karaoke (S). Tuturan kasebut dilakoni dening Mrydi lan Inem (P). Tuturan kang dipocapake dening Mrydi nduweni tujuwan nyacad Inem, mergane Inem ora nggawa KTP nalikane digrebeg (E). Inem lagi jejer-jejer karo pegawe karaoke liyane, lan ditakoni identitas siji-siji (A). Neng kunu Inem wedi ora wani nyauri tuturan saka Mrydi (K). Tuturan kasebut dipocapake kanthi lisan (I). Tuturan kang dipocake Mrydi wis nyimpang lan ora sopan (N). Tuturan neng nduwur awujud dialog (G).

Adhedhasar cuplikan tuturan ing nduwur, nuduhake yen anane penyimpangan prinsip katrapsilan basa. Prinsip kesopanan (katrapsilan) kang digunakake yaiku maksim kang nyimpang saka maksim pangalembana. Neng kene, kang nyimpangake maksim pangalembana yaiku panutur. Tekan omongan iku panutur nyacat marang Inem mergane Inem ora nggawa KTP nalikane digrebeg, Inem dicacat kanthi tembung *Warga negara ngendi ora nduwe KTP!*.

4.3 Maksim Kacocogan sajrone Film “Siti”

Maksim kacocogan neng kene minangka salah sijine maksim sajrone prinsip kesopanan (katrapsilan) basa. Sajrone maksim kacocogan iki bakal diperang dadi loro, yaiku maksim kang leres karo maksim kacocogan lan maksim kang nyimpang saka maksim kacocogan.

4.3.1 Maksim kang Leres karo Maksim Kacocogan

Maksim kacocogan nduweni prinsip ngupayake supaya kacocogan antarane awake dhewe karo wong liya naming sekedhik lan ngupayake supaya kacocogan antarane awake dhewe karo wong liya luwih akeh. Kanggo mangerteni bab iki, tuladhane bisa dideleng ana ing ngisor iki.

- (52) Siti: “Kan Bapak lara. Ora isa mlaku meneh”

“*Kan Bapak sakit. Tidak bisa jalan lagi*”

Bagas: “Makane aku ora seneng dolanan kapal”

“*Makanya aku tidak suka main kapal*”

“Senenge dolanan layangan ben isa dadi pilot”

“*Aku lebih suka main layang-layang biar bisa jadi pilot*”

Siti: “Makane sinau!”

“*Makanya belajar!*”

Bagas: “Bu, Bapak kok saiki ora isa dijak ngomong meneh”

“*Bu, Bapak sekarang kok tidak bisa diajak bicara lagi*”

(S. B6. Kc 140)

Cuplikan tuturan (52), tuturan saka panutur minangka ibune Bagas. Tuturan iki kedadeyan neng njero kamare Bagas. Neng kene Siti sarujuk karo tuturane Bagas perkara cita-citane sing pengin dadi pilot.

Tuturan kasebut dumadi neng njero kamare Bagas (S). Tuturan kasebut dilakoni dening Siti lan Bagas (P). Tuturan kang dipocapake dening Siti nduweni tujuwan kanggo nyengkuyung cita-citane Bagas dadi pilot kanthi cara ngongkon Bagas sinau (E). Siti lagi nyalini seragam sekolah Bagas (A). Banjur diwangsulni karo Bagas, kanthi tembung *Bu, Bapak kok saiki ora isa dijak ngomong meneh*, saka wangsulane Bagas, deweke ganti topik cecaturane (K). Tuturan kasebut dipocapake kanthi lisan (I). Tuturan kang dipocake Siti wis sopan (N). Tuturan neng nduwur awujud dialog (G).

Adhedhasar cuplikan tuturan ing nduwur, nuduhake yen anane panganggonane prinsip katrapsilan basa. Prinsip kesopanan (katrapsilan) kang digunakake yaiku maksim kacocogan kang leres. Neng kene, kang nggunakake maksim kacocogan kang leres yaiku panutur. Tekan omongan iku panutur sarujuk karo tuturane mitratutur yen deweke nduweni cita-cita dadi pilot, wujud sarujuk utawa kacocogan iku bisa dideleng saka wangsulane panutur yen kudu sregep sinau supaya bisa dadi pilot. Maksim kang leres karo maksim kacocogan uga bisa dibutekake kanthi dhata ing ngisor iki.

4.3.2 Maksim kang Nyimpang saka Maksim Kacocogan

Maksim kang Nyimpang saka Maksim Kacocogan yaiku peserta tutur nuturake babagan kang ora sarujuk utawa ora ana kecocogan klawan idhe utawa panemu kang dituturake dening mitratutur. Luwih-luwih tuturan kasebut dituturake kanthi cara ora sopan. Bab iki kang diarani nyimpang saka prinsip maksim kacocogan. Kanggo mangerteni bab iki, tuladhane bisa dideleng ana ing ngisor iki.

- (85) Siti: “Gas... Bagas...,”

“Ndang tangi! Ndang Adus!”

“*Bangung! Cepat mandi!*”

“Ayo...”

“Ayo ta”

“Gas...”

Bagas: “Wegah”

“*Tidak mau*”

Siti: “Hla ngapa?”

“*Kenapa?*”

“Ditakoni kok ra njawab, ayo to!”

“*Ditanya kok tidak jawab,*

ayo!

Bagas: “Aku wegah sekolah”

“*Aku tidak mau sekolah*”

Siti: “Hla ngapa?”

“*Kenapa?*”

“Ayo to!”

“*Ayo cepet!*”

Bagas: “Neng sekolah ana setane”

“*Di sekolah ada hantunya*”

Siti: “Ket wingi ngomong setan terus”

“*Dari kemarin ngomongnya hantu terus*”

(S. B4. Kc 151)

Cuplikan tuturan (85), tuturan saka panutur minangka Ibune Bagas. Tuturan iki kedadeyan kamare Bagas. Neng kene Siti ngongkon Bagas gage adhus merga wis arepe budhal sekolah.

Tuturan kasebut dumadi neng kamare Bagas (S). Tuturan kasebut dilakoni dening Siti lan Bagas (P). Tuturan kang dipocapake dening Bagas nduweni teges yen Bagas ora gelem sekolah mergane Bagas nganggep yen neng sekolahan ana setane (E). Nalikane Siti lagi masak peyek jingking deweke diomongi Darmi yen Bagas ora gelem adhus, banjur Siti marani Bagas neng kamare nggugah Bagas lan ngongkon adhus (A). Sawise Siti weruh alasane Bagas, deweke rodok nesu mergane wiwit wingi alesane bagas mesthi wedi karo setan (K). Tuturan kasebut dipocapake kanthi lisan (I). Tuturan kang dipocake Bagas wis nyimpang saka maksim kesopan (N). Tuturan neng nduwur awujud dialog (G).

Adhedhasar cuplikan tuturan ing nduwur, nuduhake yen anane penyimpangan prinsip katrapsilan basa. Prinsip kesopanan (katrapsilan) kang digunakake yaiku maksim kacocogan. Neng kene, kang nyimpangake maksim kacocogan yaiku mitratatur. Tekan omongan iku panutur ngonggong mitratatur adhus nanging mitratatur malah ora gelem, kanthi alasan yen neng sekolahe ana setane, saka cecaturan kalorone, ora ana kacocogan antarane panutur lan mitratatur. Maksim kang nyimpang saka maksim kacocogan uga bisa dibutekake kanthi dhata ing ngisor iki.

PANUTUP

Ing bab iki, bakal diandharake dudutan lan pamrayoga. Dudutan saka asile panliten, lan pamrayoga kanggo pamaca panliten iki. Luwih jangkepe dijlentrehake ana ing ngisor iki.

5.1 Dudutan

Adhedhasar andharan kang wis diandharake ing ndhuwur, bisa didudut yen sajrone cecaturan kudu ana prinsip katrapsilan basa. Prinsip katrapsilan basa ana enem, yaiku maksim kaloman, maksim wicaksana, maksim anorrage, maksim pangalembana, maksim simpati lan maksim kacocogan. Uga ana skala katrapsilan kang nemtokake dhuwur cedhake prinsip katrapsilan sajrone tuturan.

Banjur sajrone film “Siti”, luwih dimunjerake ana ing maksim pangalembana lan maksim kacocogan. Maksim pangalembana kang leres dituturake amarga anane apresiasi marang apa kang dideleng, dirasa, lan dilakokake dening wong liya, dene maksim pangalembana kang nyimpang dituturake awujud ngasorake marang apa kang dideleleng, dirasa, lan dilakokake dening wong liya. Maksim kacocogan kang leres dituturake amarga anane kacocogan antarane panutur lan mitratatur dene maksim kacocogan kang nyimpang yaiku tuturan kang ora ana kacocogan antarane panutur lan mitratatur. Maksim-maksim kasebut ora namung dideleng saka tuturan, nanging uga saka konteks tiyap tuturan. Adhedhasar tuturan-tuturan sajrone film “Siti”, nuduhake yen sajrone maksim pangalembana kang leres ana 37 dhata lan kang nyimpang ana 14 dhata, maksim kacocogan kang leres ana 33 dhata lan kang nyimpang ana 21 dhata.

5.2 Pamrayoga

Asil saka panliten iki isih akeh luput lan kurange, mula panliti ngarep ana panyaru kang asipat mbangun supaya panliten kang bakal ditindakake sabanjure bisa oleh asil kang luwih jangkep lan apik. Uga adhedhasar andharan kang wis dijlentrehake, panliten nduwe pangajab supaya pamaos bisa mangerteni ngenani prinsip katrapsilan basa kang leres lan kang nyimpang supaya bisa digunakake

nalikane cecaturan saben dinan. Saliyane iku, asil pamliten iki bisa dibacutake karo panliti liya, saliyané maksim pangalembana lan maksim kacocogan supaya luwih jangkep.

Pamrayoga Asile panliten iki isih akeh kurang lan lupute, mula panliti ngarepake ana panyaru sing asipat mbangun supaya panliten sabanjure bisa kasil luwih apik. Saliyane iku adhedhasar andharan kang wis dijlentrehake ing ndhuwur, panliti nduweni pangajab kanggo para pamaca, supaya bisa mangerteni ngenani kesopanan (katrapsilan) basa, uga bisa nggunakake prinsip katrapsilan basa kang bener lan trep ing cecaturan saben dina. Saliyane iku, uga supaya saka asile panliten iki bisa diterusake karo panliti liyane, lan bisa njingglengi prinsip *kesopanan* (katrapsilan) basa ana ing maksim-maksim saliyané maksim pangalembana lan kacocogan.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: Rineka Cipta
- Basir. Udjang Pr. M. 2014. *Keterampilan Menulis*. Surabaya: Bintang
- Basir. Udjang Pr. M. 2016. *Sosiolinguistik: Pengantar Kajian Tindak Berbahasa*. Surabaya: Bintang
- Chaer, Abdul. 1994. *Linguistik Umum*. Jakarta: PT. Rineka Cipta
- Chaer, Abdul. 2010. *Kesantunan Berbahasa*. Jakarta: PT. Rineka Cipta
- Chaer, Abdul dan Leonie Agustina. 2004. *Sosiolinguistik Suatu pengantar*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaniago, Sam Mukhtar. 1997. *Materi Pokok Pragmatik*. Jakarta: Universitas Terbuka.
- Departemen Pendidikan dan Kebudayaan. 1995. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Dhanawaty. Ni Made, dkk. 2017. *Pengantar Linguistik Umum*. Bali: Pustaka Larasan
- Halliday, M.A.K dan Ruqaiya Hasan. 1994. *Bahasa, Konteks, dan Teks: Aspek-Aspek Bahasa Dalam Pandangan Semiotik Sosial* (diterjemahkan oleh Tou). Yogyakarta: Gadjah Mada University.
- Hymes, Dell. 1972. *Foundations in Sociolinguistics: An Ethnographic Approach*. Philadelphia: University of Pennsylvania Press.
- Ibrahim, Abd Syukur. 1993. *Kajian Tindak Tutur*. Surabaya: Usaha Nasional

- Kementrian Pendidikan dan Kebudayaan Republik Indonesia. 2016. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi V*. Jakarta: Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa
- Kesuma, Tri Mastoyo Jati. 2007. *Pengantar (Metode) Penelitian Bahasa*. Yogyakarta: CaravatiBooks
- Leech, Geoffrey. 1983. *Principles of Pragmatics*. United States of America: Longman.
- Levinson, Stephen C. 1983. *Pragmatics*. Cambridge: Cambridge University Press.
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa: Tahapan Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada
- Mey, Jacob L. 2001. *Pragmatics*. Oxford: Blackwell.
- Moleong, L.J. 2010. *Metodologi Penelitian Kualitatif (Edisi Revisi)*. Bandung: Pt. Remaja Rosdakarya.
- Nawawi, Hadari lan Mimi Martini. 1996. *Penelitian Terapan*. Yogyakarta: Gadjah Mada Univer”Siti”y Press
- Dwi Christina, B.E.R.T.H.A. 2019. *Maksim Pangalembana lan Maksim Anorrage Sajrone Film “Yowis Ben”*. BARADHA, 7(2). (dideleng 29 Oktober 2019)
- [https://id.wikipedia.org/wiki/”Siti”_\(film\)](https://id.wikipedia.org/wiki/”Siti”_(film)). (dideleng 29 Oktober 2019)
- <https://littlestoriesoflanguages.wordpress.com/2012/05/16/prinsip-kesopanan-politeness-principles/>. (dideleng 29 oktober 2019)
- <https://www.youtube.com/watch?v=KQMWB-TV5TY>. (kaunduh 29 Oktober 2019)
- Solikhah, M. 2019. *Maksim Kecocogan lan Maksim Kasimpaten sajrone Medhia Sosial Whatsapp Grup Klas Hercules 2015 C Tahun 2018*. BARADHA, 7(2). (dideleng 29 Oktober 2019)
- Surana, S. (2017). *Aspek Sociolinguistik dalam Stiker Humor*. Lokabasa, 8(1), 86-100. (dideleng 21 Januari 2020)
- Surana, S. (2017). *Inferensi dan Problematika Pembelajaran Analisis Wacana*. FKIP e-Procceding, 237-244. (dideleng 21 Januari 2020)

Sumber Online